

**ЩIэныгъэм и гъуэгукIэ**
2-нэ нап.



**«Махуэку»**
3-нэ нап.



**Ди Курп пшэплъхэр**
4-нэ нап.



**Узыншэу псэуным хуащIщ**
4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№88 (24.994) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ


# ЕгъэджакIуэхэм я пщIэм хэзыгъахъуэ унафэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и Макс-напэкIуэцIым щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир егъэджакIуэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм щыдыщIагъуа унафэщIэм.**

«ЕГЪЭДЖАКIУЭР увыпIэ щхьэхуэм зэритыр щIегъэбыдэ мы дэфтэрым, - етх КIуэкIуэ Казбек. - Жэрдэмыр «Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьащ, ди егъэджакIуэхэм я пщIэр нэхъ лъагэу яIэтын, IэщIагъэм абыхэм къарит хуитыныгъэхэр яхъумэн папщIэ.

ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэхэр: гъэсакIуэхэм я зэфIэкIым зрагъэужьыну Iэмал иратынущ, я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжын хуей хъумэ, юристхэр пщIэншэу къадэIэпыкъунущ, лэжьэн щIэзыдзагъащIэхэм ущиякIуэ яIэнущ, егъэджэныгъэм епхауэ къэралым иIэ интернет хэщIапIэ псори пщIэншэу къагъэсэбэпыну хуитщ, илъэс 25-кIэ лэжьам «лэжьыгъэм и ветеран» цIэр фIащыпхъэщ.

ЕгъэджакIуэхэрщ зи пщэ къыдэхуэр сабийхэм я гъэсэныгъэри, абыхэм хэкупсэ, цIыху еджа, IэщIагъэлI къахэкIынри.

Тхьэмахуэ кIуам унафэ къэсщта къудейщ егъэджэныгъэм епха зэхьэзэхуэхэм я щIыналъэ Iыхьэм текIуэныгъэ къыщызыхьа ди егъэджакIуэ 23-м тыгъэ яхуэтщIыным теухуауэ. Зи гугъу сщIыр «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфIу Урысейм къыщалъыта», «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфIу Урысейм къыщалъыта», «Илъэсым и IэщIагъэлI нэхъыфI», «Анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэ», «ГъэсакIуэ-психолог нэхъыфIу Урысейм къыщалъыта» зэхьэзэхуэхэм хэтахэрщ».

КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр хуагъэфэщащ акъылыр зи лъабжьэ зэпеуэхэм щытекIуа еджакIуи 100-р зыгъэхьэзыра егъэджакIуэ 50-м.

«Зи гугъу тщIы ехъулIэныгъэхэм усэшхуэIуэ яхуэпщIыфынукъым, - етх адэкIэ Iэтащхьэм. - Сыту жыпIэмэ, дэтхэнэ зыми уи нэгу къыщIегъэувэ пщэдей щIэныгъэлI, инженер, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ и лэжьакIуэ, Iуэхущ IапIэ зезыхьэ, мэкъумэшым и лэжьакIуэ, юрист, ухуакIуэ хъунухэр. Ахэращ ди къэралым и щIэиныр зыхъумэнури абы дяпэкIэ зезыгъэужьынури.

Президентым и унафэщIэм ипкъ иткIэ, дяпэкIи ди егъэджакIуэхэм защIэдгъэкъуэнущ».

# Гъавэр къырахьэлIэж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэ Iухыжыгъуэр щIэгъэхуэбжьауэ щокIуэкI. Нобэр къыздэсым гъавэхэкIрэ джэшхэкIыу гектар 40-м нэс IуахыжакIэщ, ар къэкIыгъэхэм яубыд губгъуэхэм я процент 20-м нос.**

БЖЬЫХЬЭСЭ гуэдзыр гектар мин 23-м щыIуахыжащ, хьэр - гектар 14-м.

Илъэс блэкIам и гъавэм еплъытмэ, мыгъэрейр абы хуэдэу жыпIэ хъунущ. Былымкъэбыстэр иубыд щIыпIэм и процент 75-м щыIуахыжакIэщ.

ДяпэкIэ республикэм и мэкъумэш лэжьакIуэхэм гектар мини 7 зыубыд соер Iуахыжын щIадзэнущ.

КIэртIофыр къатIыж, нащэхэр къыщIач. ХадэхэкIхэм я Iыхьэр фIэIугъэ щащI заводхэм ирагъэшэнущ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# ЗыгъэпсэхупIэ нэгузыужь яхуохъу

**Урысейм щыщ щIыналъэ 50-м къикIа туристхэм зыщагъэпсэху Къэбэрдей-Балъкъэрым. Илъэсым зэрыщIидзэрэ блэкIа мазихым ди республикэм зи гъэмахуэр щызыгъэкIуахэр мелуаным ноблагъэ.**

БЖЫГЪЭКIЭ къапщтэмэ, ди щIыналъэм я нэгу зыщрагъэужьыныр хэкIыпIэ нэхъыфIу къэзылъытахэр нэрыбгэ мин 934-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Илъэс блэкIам елъытауэ, абы процентри 2,4-кIэ хэхъуащ.

Турист бжыгъэм нэхъ зыщиубгъуар Налшыкщ. Республикэм и къалащхьэм цIыху мин 95-рэ къеблэгъащ. 2025 гъэм и япэ Iыхьэм еплъытмэ, ар процент 66-кIэ нэхъыбэщ.

Санаторэ-зыгъэпсэхупIэхэм екIуалIэхэми я бжыгъэм хохъуэ. Япэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу, зи узыншагъэм абыхэм щыкIэлъызыгъэплъхэм цIыху мин 27-рэ къахэхъуащ, ар илъэс кIуам еплъытмэ, процент 22,7-кIэ нэхъыбэщ.

Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэм я гъусэу, ди республикэр зыгъэпсэхупIэ нэгузыужь яхуохъу хамэ къэралхэм щыщ хьэщIэхэми.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

# Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIакIуэ

**Налшык дэт Стоматологие поликлиникэ №1-м дохутыр-ортодонтым и пэш къыщызэIуахащ. Абы къалэдэсхэм я дзэхэм еIэзэным теухуауэ ягъуэт Iуэхутхьэбзэхэм къахигъэхъуащ.**

ОРТОДОНТ дэIэпыкъуныгъэр фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и программэмкIэ пщIэншэу щытынущ. Дзэхэм еIэзэнущ дзэ-жьэпкъ зэхэлъыкIэм иIэ ныкъусаныгъэхэр къэхутэным, ахэр гъэхъужыным и Iэмалхэм фIыуэ щыгъуазэ IэщIагъэлIхэу Архъагъэ Алинэрэ Сыжажэ Щамилрэ.

Апхуэдэ пэш къызэрызэIуахар щхьэпэ хъунущ амбулаторэ поликлиникэ дэIэпыкъуныгъэм зегъэужьынымкIэ, щIыналъэм стоматологие Iуэхутхьэбзэхэр щегъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ къалэнхэр нэсу гъэзэщIэнымкIэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Апхуэдэщ КIыщокъуэ Алим

**Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 112-рэ щрикъум ирихьэлIэу пэкIу зэхэтащ. КIыщокъуэм и фэеплъым деж, гъэ къэси хуэдэу, цIыхушхуэ щызэхуэсат: КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, политикхэр, жылагъуэ Iуэху зезыхьэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, и благъэхэр, Iыхьлыхэр, усакIуэм и усэхэр фIыуэ зылъагъухэр, студентхэр, еджакIуэхэр.**

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, усакIуэр къыщалъхуа, дунейм щехыжа махуэхэм ирихьэлIэу абдеж щызэхуэсурэ а цIыху щыпкъэр ягу къагъэкIыж, псалъэ гуапэхэр хужаIэ.

ПэкIур къызэIуахыным ипэ къиихуэу, Налшык къалэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи къеджащ КIыщокъуэ Алим и усэхэм ящыщхэм. Абы къыхэщырт усакIуэм и Хэкур, абы ис цIыхухэр фIыуэ илъагъуу зэрыщытар. Мы усэхэр ноби цIыхухэм ягу дыхьэу зэIэпах.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин усэ къеджа ныбжьыщIэхэм фIыщIэ яхуищIа нэужь, пэкIум щызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ гуащIэмрэ.

- Лэжьыгъэм, ныбжьэгъугъэм, псэуныгъэм, зауэм, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым зэфIэкI ин щызиIа, литературэ щIэинышхуэ къытхуэзыгъэна, дызэрыгушхуэ усакIуэщ КIыщокъуэ Алим. Ди щIыналъэм и щэнхабзэр къэзыIэтахэм, литературэр зыгъэбеяхэм я дамыгъэ хъуащ ар, - жиIащ Къумахуэм. - ТхакIуэм и тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуэжащ и лъэпкъэгъухэм я гъащIэр, къадекIуэкI хабзэхэр, тхыдэ напэкIуэцIхэр. И романхэр, пьесэхэр, усэхэр, сабийхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр ноби щIэупщIэшхуэ зиIэщ. Абы икIи жылагъуэ лэжьакIуэуи зыкъигъэлъэгъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, Совет Союзым и литературнэ фондым я унафэщIу, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ и министру щытащ, депутатуи хахащ. КIыщокъуэм и ныбжьыр илъэс 20 ирикъуа къудейуэ, и япэ усэ тхылъыр 1934 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Бгыщхьэхэр жейркъым» трилогиер, и тхыгъэхэмрэ усэхэмрэ бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрадзэкIащ. 1938 гъэм щыщIэдзауэ усакIуэм Дзэ Плъыжьым хэту къулыкъу ищIащ. ИужькIэ, Хэку зауэшхуэр иухыху, кадр офицеру хэтащ. Зауэм щыщыIа илъэсхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, КIыщокъуэм итхар усэхэм я закъуэкъым. Ди зауэлI щхьэмыгъазэхэм ди Хэкур фашистхэм ирамыгъэубыдын папщIэ къагъэлъагъуэ хахуагъэ иным теухуа рассказу, очеркыу, репортажу Алим и къалэмыпэм къыщIэкIахэр пщIы бжыгъэ куэд мэхъу. Ахэр зэпымыууэ къытехуэрт фронтым къыщыдэкI газетхэм, езы КIыщокъуэр зи редактору щыта «Хэкум папщIэ!» дивизэ газетри абы яхэту. Абы ящыщщ Сальскэ губгъуэхэм щекIуэкIа, зауэлI минитхум щIигъум щыщу езыри яхэту, 365-рэ фIэкIа къэмынэу зыхэкIуэда зэпэщIэтыныгъэр. 115-нэ къэбэрдей шуудзэм и зауэлI хъыжьэхэм а щIыпIэм фэеплъхэр щыхуагъэуващ.

Алим и IэдакъэщIэкIхэмкIэ занщIэу гу лъыптэрт ахэр зи акъылыр жан, бзэ шэрыуэ зыIурылъ журналистым зэритхам. ЛIыгъэ зэрыхэлъам и щыхьэту, дамыгъэ лъапIэхэр и бгъэм хэлъу, майору Хэку зауэшхуэм къикIыжа КIыщокъуэм и лэжьыгъэр зэи зэпигъэуакъым. «Шум и гъуэгу» фIищу 1946 гъэм абы къыдигъэкIа усэ тхылъым нэхъыбэу итыр зауэмрэ абы текIуэныгъэ къыщызыхьа ди зауэлIхэмрэ ятеухуа усэхэрт. ЦIыхухэм занщIэу япхъуатэри цIэрыIуэ хъуат «Сэлэт сэлам», «ЗэныбжьэгъуитI», «Сэлэт шырыкъу», «Жыр пыIэ», «Си фочым IэплIэ есшэкIауэ», «ТекIуэныгъэ», «Сэ сщIэркъым зауэм никIыжу...», «Фэеплъ бэлътоку» усэ телъыджэхэр. Ахэри лIыгъэм, цIыхугъэм, зауэм теухуауэ нэхъ иужьыIуэкIэ КIыщокъуэм итха нэгъуэщI усэ куэди ноби ди адыгэ тхылъеджэхэм зэIэпах. УсакIуэм быдэу и фIэщ хъурт, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэ хуэзами, и цIыхугъэр фIэмыкIуэду цIыхур абы къызэрикIыфынур, гъащIэр къэзыгъэувыIэфын къару зэрыщымыIар икIи зэрыщымыIэнур. Зи IэдакъэщIэкIхэр зэманым имыпхъэх тхакIуэм и фэеплъыр тщыгъупщэнукъым.

Къумахуэ Мухьэдин къытеувыIащ КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ Хэку зауэшхуэм щызэрыцIыхуу лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и щапхъэ дахэ щIэблэм зэрырагъэлъэгъуамрэ ар я гъащIэ псом зэрыщыпхахамрэ. А тIур зэришэлIат Хэкум, зауэм, псэуху зыхуэпэжа усыгъэм хуаIа лъагъуныгъэм.

КIыщокъуэ Алим и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, пэкIум хэтахэр усакIуэр къыщалъхуа икIи щыщIалъхьэжа Щхьэлыкъуэ къуажэм, абы дэт и фэеплъ музейм кIуащ. УсакIуэм къыщIэна хьэпшыпхэр, сурэтхэр, тхылъхэр абы хуэсакъыу щахъумэ. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ягу къагъэкIыжа нэужь, и усэхэм адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи мыбдежми къыщеджащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





## Ди къуэш республикэхэм

### Дэтхэнэри хэт хъунущ

АДЫГЕЙ. **ТекIуэныгъэм и музейм къызэригъэпэща, «Урысей Ныпым и плъыфэхэр» онлайн-флешмобым япэу хыхьахэм ящыщщ Республикэм щыпсэухэр. Акцэр теухуащ Къэрал ныпым и махуэу шыщхьэуIум и 22-м ягъэлъапIэм.**

А МАХУЭМ музейм и сайтым къыщызэIуахынущ Урысейм и ныпыр, къэрал псом щыщу интернетыр къэзыгъэсэбэпхэм къагъэхьа сурэт лэжьыгъэхэмкIэ зэхэгъэувауэ. ИджыкIэ къаIэрыхьащ сурэт миным щIигъу.

Къызэратащи, махуэшхуэ флешмобым хэт хъунущ гукъыдэж зиIэ дэтхэнэри. Абы щхьэкIэ музейм и сайтым къыхалъхьа Iуэхум теухуа сурэтыр егъэхьын хуейщ шыщхьэуIум и 12 пщIондэ.

### Пэрытхэм хабжэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Электроэнергетикэм зегъэужьыным хухах инвестицэхэр дызэрыт илъэсым нэхъыбэу зыIэрыхьэхэм ящыщщ КъШР-р, Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ.**

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым и инвестицэр зыхуэдизынур процент 34-кIэ нэхъыбэ ящIащи, сом мелуан 461-рэ мэхъу, - къет «Россети Северный Кавказ» ПАО-м и унафэщI Левченкэ Роман.

Абы зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм и энергетикэ объектхэр къызэгъэпэщыным икIи зыхуей хуэгъэзэным сом меларди 5-м щIигъу хуаутIыпщынущ. Апхуэдэ программэр дызэрыт илъэсым КИФЩI-м процентти 5-кIэ щынэхъыбэщ, 2025 гъэм елъытауэ, - жиIащ абы.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Хабзэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ хъумэным теухуауэ

Зэхуэс

**Налшык къалэм дэт ЩIалэгъуалэм я унэм щекIуэкIащ «Псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэн» зыфIаща республикэ форумыр. Ар 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам ехьэлIауэ къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм.**

ФОРУМЫМ къыщызэхуэса къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр зэIухауэ тепсэлъыхьащ къэрал лъэпкъ политикэр ди щIыналъэм гъэзэщIа зэрыщыхъум, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэр зэрыщыту къапщтэмэ, щыщыIэ жылагъуэ зэхэтыкIэр, къезэгъхэмрэ-къемызэгъхэмрэ, зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм лъэпкъ хабзэхэр къазэрыдэгъуэгурыкIуэм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшрокъуэ Залым**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **КъуэщIысокъуэ Тимур**, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Гергоков Джамбулат**, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр **Лу Азэмэт**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я IэщIагъэм хэгъэхъуэнымкIэ зэпымычу лажьэ и центрым и унафэщI **Къэжэр Артур**, «Хэкум и хъумакIуэхэр» дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэнымкIэ къэрал фондым и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Чеченов Елдар**, Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Литвинов Роман** сымэ. Апхуэдэуи форумым кърихьэлIащ республикэм и къалэхэм, районхэм къикIахэр, Правительствэм хэтхэр, тхыдэджхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, дин зэгухьэныгъэхэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм епха IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр. Къызэхуэсахэр нэхъыбэу тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэр гъуэгу захуэ трашэнымкIэ, лъэпкъ хабзэхэм тету гъэсэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм дин зэгурыIуэныгъэр щыгъэбыдэнымкIэ Iэмалхэмрэ.

ЗэIущIэм убгъуауэ икIи купщIафIэу къыщыпсэлъащ Къуэшрокъуэ Залым.

- Дунейм псынщIэу зыщихъуэж мы зэманым дэ нэхъ зэпэIэщIэ дызыщIын Iуэхугъуэ гуэрхэр ди зэхуаку къыдалъхьэ. Абы ипкъ иткIэ, властым и органхэмрэ жылагъуэмрэ ди къалэн нэхъыщхьэр апхуэдэ гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ и чэзум къэтлъагъуфрэ дызэкъуэувэурэ дыпэщIэувэныр щ, къэралым щхьэхуитыныгъэр, мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр щытхъумэн папщIэ», - къыхигъэщащ вице-премьерым.

Абы гулъытэ хэха хуищIащ щхьэж и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, зехьэным ехьэлIа къэрал политикэр гъэзэщIэным теухуауэ УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм. Къуэшрокъуэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ зи гугъу ищI Унафэм илъэсищ ипэкIэ зэрытрадзар, ауэ абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхум и мыхьэнэм махуэ къэс зэрыхэхъуэр.

«Мы унафэр Урысейм и лъэпкъ шынагъуэншагъэр зэтеIыгъэным лъабжьэ хуэхъу Iыхьэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди къэралым и суверенитетым лъабжьэ хуэхъур лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэрщ. Иужьрей илъэс щэщIым ди фIэщ ящIыну хэтащ щхьэзакъуэ гупсысэкIэр, ди щхьэхуитыныгъэр Хэкум и къекIуэкIыкIэм зыкIи емыпхауэ жаIэурэ. Ауэ гъащIэм наIуэ къищIар нэгъуэщIщ. Дэтхэнэ зы цIыхури, ар лъэпкъкIэ е динкIэ зыщыщым емылъытауэ, зэрыгъуазэр и щхьэхуитыныгъэм и закъуэкъым, атIэ хэкупсагъэр, къыщалъхуа къэралым и къэкIуэнумкIэ езым ихь жэуаплыныгъэр зыхищIэу мэпсэу», - дыщIигъуащ вице-премьерым. ЦIыхум лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу иIэхэр къыщрибжэкIым, абы къыхигъэщащ унагъуэ быдэр, щхьэпагъ къызыпэкIуэ лэжьыгъэр, мылъкум япэ игъэщыпхъэ хъугъуэфIыгъуэхэр, цIыхугъэр, гущIэгъур, захуагъэр. Абы зэрыжиIамкIэ, а хабзэхэмрэ хьэлхэмрэ лIэщIыгъуэкIэрэ трауxуащ ди щIыналъэм ис лъэпкъхэм я гупсысэкIэр, дуней тетыкIэр икIи ахэр зэкъуагъэуваш зыуэ щыт урысей цивилизацэ иным хыхьэу.

Къуэшрокъуэ Залым щхьэхуэу къытеувыIащ тхыдэ щIэиныр хъумэнымрэ ар лIакъуэхэм зэIэпахынымрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэм. «Илъэс пщIы бжыгъэкIэ ди тхыдэ фэеплъыр гъэкIуэдыным хуэунэтIа лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIащ ди бийхэм. Ауэ цIыхубэм я фэеплъыр яIэщIэпхыныр лъабжьэр къыхэбнэу жыгыр къипчыным хуэдэщ: къелынукъым. Аращ ди тхыдэм къеIэбыну хэтхэм нобэ дащIыпэщIэтыр. Лъэпкъ хабзэхэм епха лъапIэныгъэхэр щхьэхуэ пщIы хъунукъым. Ар къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ къэрал лъэпкъ политикэм, тхыдэ щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ программэхэм, мыхьэнэшхуэ зиIэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэр хъумэным теухуа проектхэм. А дэфтэр псори къэралым и лъэпкъ Iуэхухэр дэзыгъэкI зы Iыхьэщ», - жиIащ абы.

Къэпсэлъэныгъэр щиухым вице-премьерым и гугъу ищIащ жылагъуэр зэрызэкъуэтым, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI лъэхъэнэм Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр хъумэныр къалэн нэхъыщхьэ зэрытхуэхъуам, нэгъуэщIхэми.

- «Зэкъуэтыныгъэрщ ди къарур» къыхуеджэныгъэр къызэрыгуэкI псэлъафэ къудейкъым. Сабийхэр щыдгъасэкIэ, унагъуэр быдэ хъун щхьэкIэ, зыр адрейм къыкъуэтыну доущий. Лъэпкъ куэду зэхэт къэралым дежкIи апхуэдэ дыдэщ абы и мыхьэнэр. Тхыдэ щапхъэу уигу къэбгъэкIыж хъунущ Хэку зауэшхуэм и зэманыр. Гитлер и зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я щIыналъэм къыщыкIуам фашист пропагандэр пыухыкIауэ лъэпкъкIэ, динкIэ ди жылагъуэр зэпэIэщIэ зэрищIыным хуэлажьэрт. Ауэ а гуэшыкIэр абы щыгъуэми къайхъулIакъым, иджыпстуи къадэхъунукъым», - къыхигъэщащ Къуэшрокъуэм.

2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувар икIи ар ди Хэкум щыпсэу лъэпкъхэр зэрыубыдынымкIэ пIалъэ телъыджэ хъун зэрыхуейр игъэбелджылащ Гергоков Джамбулат. «Дэ дызэкъуагъэувэ псоми ди зэхуэдэ лъапIэныгъэхэм, блэкIам, щэнхабзэм, ди къэкIуэнум. Зы дещI тхыдэ къекIуэкIыкIам, лIыгъэм и фэеплъым, дэтхэнэ лъэпкъми и нэхъыфIыр утыку къизыхьэ щэнхабзэм. Урысейм ис лъэпкъ псоми я дежкIэ унагъуэращ нэхъыщхьэр, ар щIэгъэкъуэнышхуэу къекIуэкIащ, иджыри аращ зэрыщытыр. Лъагъуныгъэмрэ зэдэIэпыкъуныгъэмрэ щытепщэ унагъуэ быдэр жылагъуэ псом и зэпIэзэрытыныгъэм и лъабжьэу къалъытэ. Хэкур хъумэным щапхъэ дахэ хуохъу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа зауэлIу нобэ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр» - къыхигъэщащ абы.

Къэпсэлъэныгъэ щхьэхуэхэм я ужькIэ Iуэхур «микрофон зэIуха» жыпхъэм иту екIуэкIащ. КъэрагъэблэгъаIэщIагъэлIхэм пэшым щIэсхэм я упщIэхэм жэуап иратащ.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8 (8662) 40-89-70, 40-34-32**.

